



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 2 oktòb 2012

GOUVÈNÈ CUOMO LANSE VIZIT SOU PWOGRÈ KONSÈY DEVLOPMAN EKONOMIK REJYONAL ETA A NAN CENTRAL NEW YORK

Gouvènè a ap Vizite Espas yo pou Wè Pwogrè ki Fèt nan Pwojè priyorite Central New York

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te lanse yon vizit sou Pwogrè Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (REDC) eta a nan Syracuse, kote li te vizite pwojè ki gen priyorite nan Central New York pou wè, toudabò, pwogrè yo ak enpak ekonomik yo nan rejyon an.

Sa a se premye vizit nan vizit Gouvènè a ap fè sou Pwogrè REDC ki se pati yon evalyasyon plan devlopman ekonomik estratejik ane pase a ak pwojè pou kreye anpil djòb.

Aprè vizit sa yo, Central NY REDC te bay yon prezantasyon ofisyèl ki montre pwogrè yo te fè nan avansman plan estratejik ak pwojè ane pase yo, ak pwojè ki te apwouve pou ane k ap vini an pou Ekip Evalyasyon Aplikasyon Estratejik nan Syracuse University.

Gouvènè Cuomo di konsa, “New York pa gen yon dimansyon ki adapte avèk tout apwòch pou devlopman ekonomik, epi kounye a nou wè avantaj nouvo fason sa a pou panse nan eta a. Pandan ou kapab wè nan zòn Syracuse, konsèy rejyonal la te devlope yon plan ki adapte pi byen avèk rejyon li, epi plan sa a ap kreye anpil djòb, devlope ekonomi an epitou fè transfòmasyon nan katye yo.”

Ko-Prezidan Konsèy Rejyonal, Nancy Cantor, Chanselye ak Prezidan Syracuse University, ak Robert Simpson, Prezidan CenterState CEO, di konsa, “Ane pase, Central NY REDC te devlope yon estrateji k ap ede devlope ekonomi lokal nou ak kreye bon kalite djòb pou sitwayen nou yo. Kounye a, gras ak kalite dirijan Gouvènè Cuomo, Gouvènè Adjwen Duffy, ak travay manm Konsèy nou an, n ap fè plan sa a pou kwasans ekonomik an vin yon reyalyte lè nou ranfòse endistri enpòtan yo, ogmante konpetitivite global nou, epitou lanse baz minisipal nou yo.”

Gouvènè a te vizite espas sa yo:

CNY Biotech Accelerator

SUNY Upstate Medical University ak SUNY ESF te jwenn sibvansyon \$1.95 milyon dola pou devlope yon

Haitian Creole

akseleratè biznis kalite siperyè ki gen posiblite pou kreye anpil santèn djòb nan pwochen senk (5) ane yo. Y ap itilize finansman konsèy rejyonal la pou asire reyalizasyon ak enstalasyon ekipman pou espas laboratwa nan Accelerator.

Loguen's Crossing

COR Development te resevwa sibvansyon \$3.6 milyon dola pou devlope Loguen's Crossing, pou kreye anpil santèn djòb nan konstwiksyon pou yon ti tan ak lòt nouvo djòb atanplèn lè pwojè a fini. Pwojè a ap transfòme ansyen konplèks lojman Kennedy Square ki toupre nouvo CNY Biotechnology Accelerator an yon nouvo devlopman itilizasyon mik pou ofri espas biznis pou SUNY Upstate Medical University, ak nouvo lojman, espas lavant an detay ak espas komèsyal nan anba-lavil Syracuse.

Syracuse Center of Excellence – New York Energy Regional Innovation Cluster

Syracuse Center of Excellence (CoE) te resevwa sibvansyon pou 3 milyon dola pou egzekite pwojè New York Energy Regional Innovation Cluster (NYE-RIC), epitou pou kreye prèske 50 djòb. NYE-RIC pral devlope inovasyon nan pwodui ak sèvis pou fè gwo rediksyon nan konsomasyon enèji nan konstwiksyon toupatou nan New York.

St. Joseph's Hospital Health Center

St. Joseph's Hospital Health Center te resevwa sibvansyon pou \$2,5 milyon dola pou agrandi lokal li, pou kreye 400 djòb konstwiksyon alontèm ak 150 nouvo djòb, ak djòb pèmanan nan swen sante. Lè pwojè a fini, l ap pèmèt yon agrandisman sant lan avèk 200.000 pye kare, ansanm avèk konstwiksyon yon bilding ki wo pou pasyan, inite swen medikal ak inite swen entansif chirijikal, yon dènye modèl suit avèk sal operasyon, ak yon koridò esteril ak espas vè t nan pou biznis North Side yo.

Syracuse Inner Harbor

Vil Syracuse te resevwa sibvansyon pou \$3 milyon dola pou sipòte devlopman Inner Harbor Area, ki gen posiblite pou kreye anpil milye djòb nan konstwiksyon pandan tout faz devlopman an, ak anpil santèn djòb atanplèn nan finisman pwojè a. Pwojè a gen ladan konstwiksyon yon devlopman dansite siperyè ak itilizasyon mik ki annamoni avèk prensip kwasans entèlijan ak aksè piblik la san pran souf nan dlo.

Merchants Commons

Merchants Commons te resevwa sibvansyon pou \$900.000 dola pou modènize de (2) bilding biwo lib ki la deja nan anba-lavil Syracuse epi pou kreye omwen 65 djòb. Pwojè a gen ladan modènizasyon Merchants Bank Building ak Snow Buildings an apatman ki baze sou tarif mache a ak espas komèsyal.

Gouvènè Adjwen Duffy di konsa, "Gouvènè Cuomo te kreye Konsèy Rejyonal yo pou sèvi kòm nouvo apwòch bezwen eta nou an pou kreye nouvo djòb ak opòtinite ekonomik. Jodi a se yon opòtinite enteresan pou yon diskisyon lib sou kokennchenn pwogrè Konsèy Rejyonal yo ap fè nan Central New York ak toupatou nan eta a, ak etap n ap fè pou pran avantaj nan siksè sa yo pou ane k ap vini an."

Prezidan, Direktè Jeneral ak Manm Komisyon Empire State Development, Kenneth Adams, di konsa, "Pwojè Konsèy Rejyonal Gouvènè Cuomo ap retire New York nan yon eta ki rele destwiktè kwasans

Haitian Creole

biznis pou fè li vin yon fasilite nouvo biznis ak devlopman djòb sektè prive a. Jouk nan premye ane li, nou te wè pwojè ki kreye djòb nan Central New York ak toupatou nan eta a kòmanse pran fòm ak peye dividann nan nouvo pwojè ak aktivite ekonomik pou sipòte ekonomi lokal nou yo.”

Nan premye seri pwojè Konsèy Rejyonal la, Rejyon Central New York te resevwa sibvansyon pou \$103.7 milyon dola nan resous eta a nan pwosesis Aplikasyon Finansman an Gwoup (CFA) pou sipòte 74 pwojè. Pou kounye a, 68 nan pwojè sa yo satisfè premye kritè pèfòmans ansanm avèk egzekisyon kontra avèk Eta a, epi yo estime 90 pousan pwojè aktif yo pral fini anvan fen ane 2014. Pwojè sa yo ap devlope ak sipòte anpil djòb nan endistri debaz yo, pou kreye nouvo konstwiksyon k ap amelyore karaktè fizik kominote rejyon an, ak avansman plan estratejik Konsèy la.

Pwojè ki gen priyorite Central NY REDC apwouve yo pral bay gwo sipò pou ekonomi lokal la avèk kreyasyon ak konsèvasyon prèske 2.000 djòb ak plis pase 16.000 djòb nan konstwiksyon, epitou l ap jwenn plis pase \$200 milyon dola nan envestisman prive. Ou kapab jwenn rapò pwogrè Konsèy la ak yon lis konplè pwojè priyorite ki apwouve yo sou Entènèt nan sitwèb <http://regionalcouncils.ny.gov/content/central-new-york>.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou chak Konsèy Rejyonal ak sou plan devlopman ekonomik yo, ale sou Entènèt nan sitwèb www.regionalcouncils.ny.gov.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418